

# PWOTEJE DWA ELÈV IMIGRAN YO A YON EDIKASYON PIBLIK

Yon Feyè Pou Fanmi Ak Defansè



Southern Poverty Law Center



## DWA ELÈV OU POU L RESEVWA EDIKASYON

Nan lane 1982, nan desizyon istorik nan *Plyler v. Doe*, Lakou Siprèm Ameriken an te konfime dwa tout timoun nan peyi Etazini genyen pou yo resevwa edikasyon publik kote li souliyen “edikasyon gen yon wòl fondamantal nan kenbe inite sosyete a.” Lekòl elemantè ak segondè publik dwe anrejistre epi enskri chak timoun kap viv nan limit geyografi yo, san konsidérasyon sitwayènte timoun lan oswa responsab li, sitiyasyon imigrasyon li oswa nivo angle li.

Gras a desizyon Plyler a, Klòz Pwoteksyon pou Tout Moun ki nan 14yèm amanndan Konstitisyon an ak lòt lwa federal yo distri lekòl blije pran mezi pou konsidere timoun andikape, elèv ki pa gen kay pou yo rete, ak Moun kap aprann Angle (ELL oswa EL).

## LWA FEDERAL KI PWOTEJE ELÈV ANDIKAPE

Selon Lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape (IDEA), Seksyon 504 nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon an, ak Tit II Lwa sou Ameriken Andikape a tout elèv andikape dwe rantre nan anviwònman lekòl piblik nòmal la, ansanm ak kamarad yo ki pa andikape.

## LWA FEDERAL KI PWOTEJE ELÈV KI PA GEN KOTE POU RETE

Lwa sou Asistans pou Sanzabri McKinney Vento a entèdi separasyon elèv ki pa gen kay pou yo rete ak kamarad yo pou nenpòt peryòd pandan jounen lekòl la (sofsi li nesesè obligatwaman pou yon ijans sante ak sekirite).

Dapre lwa federal, yo konsidere timoun “san kay” si y ap viv nan plizyè sitiyasyon lojman tankou pataje yon chanm ak lòt moun paske li pèdi kay li, viv nan yon otèl, abri oswa kan, viv nan yon biwo oswa kote prive ki pa fèt pou rezidans, oswa viv nan machin, pak oswa lòt espas piblik.

## LWA FEDERAL KI PWOTEJE ELÈV EL & PARAN YO

Distri lekòl dwe fè klas pou EL nan anviwònman lekòl piblik nòmal la nan yon mannyè ki pa fè separasyon leplis posib, selon lwa federal. Lwa federal fè obligasyon tou pou distri lekòl yo kominike ak elèv ak paran yo oswa responsab yo kelkeswa lang fanmi an pale lakay yo.

**1. Lwa sou Opòtinite Edikasyon Egal pou Tout Moun (EEOA) 1974** la mande pou distri lekòl yo ak ajans edikasyon eta yo fè sa yo gen pou fè pou rezoud pwoblèm lang ki anpeche patisipasyon tout elèv nan pwogram ansèyman yo.”

**2. Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo** intèdi diskriminasyon sou baz orijin nasyonal, pami lòt categori, epi mande lekòl piblik ak ajans edikasyon eta yo pou yo aji pou rezoud pwoblèm lang, yon fason pou elèv EL kapab patisipe vreman nan pwogram lekòl piblik. Pwoteksyon lang nan Tit VI lan mande lekòl pou yo bay paran oswa responsab EL yo aksè pou yo jwenn enfòmasyon nan lang yo pale pi byen an. Epi tou, Tit VI ofri pwoteksyon djanm pou moun kap milité pou tèt yo epi afime dwa yo.

Pou yo ka respekte obligasyon yo anvè elèv EL ak responsab yo, distri lekòl dwe pran yon seri mezi. Yo oblige:

- Identife EL yo
- Founi sèvis lang pou asire elèv anmezi pou yo benefisyé lòt matyè esansyèl apa angle
- Mete staf ak resous disponib pou egzekite pwogram EL yo avek efikasite
- Suiv pwogrè EL la nan konpetans li nan lang ak konesans akademik li
- Evite separasyon ki pa nesesè nan mitan elèv EL
- Evalye EL yo ansanm ak etidyan parèy yo ki pa EL pou sèvis edikasyon espesyal ak lòt sèvis pou andikap



## PRENSIP DEBAZ ENSKIPSYON

Pi fò distri lekòl chwazi yon adrès santral pou enskri elèv anvan ane lekòl la kòmanse. Sepandan, lekòl piblik dwe pèmèt elèv enskri pandan tout ane a. Enfòmasyon sou enskripsiyon dwe disponib nan tout lang lakay elèv yo sou sitwèb distri lekòl la ak sou demann nan biwo santral distri lekòl la.

Pandan enskripsiyon, distri lekòl ka mande pou w montre prèv laj elèv la, rezidans anndan distri lekòl la, relasyon legal ant oumenm ak elèv la ak vaksen.

Sepandan, selon *Plyler. v. Doe* ak Lwa sou Asitans pou Sanzabri McKinney Vento a, lekòl dwe asepte tout yon seri dokiman kòm prèv yo pap mete deyò elèv imigran oswa elèv ki pa gen kay pou yo rete. Lekòl ka mande kote elèv la fêt oswa kantite tan li gen nan peyi Etazini, men se si w vle ou reponn kesyon sa yo.

### Ki dokiman lekòl piblik pitit mwen an kapab mande legalman pou enskripsiyon an?

Pou prèv laj elèv la, lekòl dwe asepte youn nan sak annapre yo:

- Batistè (Ameriken oswa pa Ameriken)
- Lisans chofè entènasyonal (pou elèv ki gen laj pou kondui)
- Paspò (Ameriken oswa pa Ameriken)
- Papye legliz pou nesans (tankou sètifikasi batèm, antre nan yon Bib Fanmi)
- Dosye nesans lopital oswa lòt dosye medikal
- Dosye adopsyon (Ameriken oswa pa Ameriken)
- Dosye lekòl te verifye anvan sa (Ameriken oswa pa Ameriken)
- Afidavi paran/responsab (deklarasyon sousèman alekri)

Pou prèv rezidans, lekòl dwe asepte youn nan sak annapre yo:

- Telefòn, intènèt oswa lòt bòdwo sèvis piblik
- Dokiman mögedj
- Papye lwaye oswa soulwaye
- Resi lwaye ou peye
- Od peman (money order) pou lwaye ou peye
- Lèt travay ou
- Afidavi paran yo

Pou prèv relasyon nou, lekòl dwe aksepte youn nan sak annapre yo:

- Batistè nenpòt peyi
- Pyès idantite paran soti nenpòt peyi (si paran gen menm siyati ak pitit la)
- Papye ki bay responsablité legal pitit la (tankou papye adopsyon oswa swen adoptif)
- Odonans tribinal (tankou aranjman pou gad pitit la)
- Papye imigrasyon (tankou papye Biwo Reyenstalasyon Refije)

### Frè lekòl

Pandan ke yon lekòl ka chaje yon ti frè pou kèk pati nan pwogram li yo (tankou patisipasyon nan klas elektiv oswa aktivite apre lekòl), lwa federal entèdi distri lekòl pou yo chaje elèv frè lekòl pou yo frekante lekòl piblik.

### Lench gratis oswa bon mache

Pwoteksyon Plyler yo valab pou lench gratis ak bon mache. Tout elèv, kèlkeswa sitiayson imigrasyon yo, elijib pou yo aplike pou sèvis sa yo epi resewwa yo, epi fanmi pa oblige bay sitiayson imigrasyon sou aplikasyon pou lench gratis ak bon mache a.

### Kimoun ki ka ede ap pwoblèm enskripsiyon?

Konsilte anyè pèsonèl la ki sou wèbsit distri lekòl la, epi chache pou:

- Konseye skolè
- Kowòdonatè Tit III
- Ajan lyezon pou fanmi, paran, oswa gadyen legal
- Kowòdonatè edikasyon espesyal
- Asistan administratif
- Sekretè
- Resepsyonis
- Ajan lyezon McKinney-Vento

Wòl ajan lyezon McKinney-Vento yo se ede fanmi ki pa gen kay pou yo jwenn papye nesesè pou enskripsiyon, anrejjistre elèv elijib ki pa gen kay pou yo jwenn avantaj sosyal ki vini ak sitiayson yo (manje gratis/bonmache, Medicaid etc.), ede fanmi jwenn inifòm lekòl, kowòdone transpò ale retou lekòl, epi bay timoun aksè pou yo jwenn swen medikal yo bezwen tankou vaksen.

## SÈVIS TRADIKSYON & ENTÈPRETASYON

Distri lekòl yo oblige founi tradiksyon ak entèpretasyon enfòmasyon ensansyèl yo bay paran oswa responsab EL yo. Premye etap la se toujou asire w ou mande lekòl la pou dokiman ekri e tradui ak pou sèvis entèprèt pandan reyinyon.

Men sa k enfòmasyon esansyèl, men pa sa sèlman:

- Enfòmasyon sou anrejistreman ak enskripsyon
- Livrè pou gide etidyan ak paran
- Avi sanksyon disiplin, politik ak odyans
- Enfòmasyon sou sèvis (edikasyon espesyal, andikap, konsèling, EL, elatriye)
- Enfòmasyon sou amenajaman pou pase tès
- Enfòmasyon sou aktivite apre lekòl
- Kanè skolè
- Fòm pèmisyon paran/responsab
- Pwosedi pou pote plent
- Avi sou asèlman
- Avi sou prensip nondiskriminasyon
- Anons nan tout lekòl
- Enfòmasyon sou konferans paran-pwofesè, pòt louvri ak oryantasyon
- Enfòmasyon sou ijans medikal oswa vizit enfimyè
- Dokiman sou sante ak sekirite piblik
- Enfòmasyon sou fèmti ak reouvèti lekòl

## REPOUSE OBSTAK LÈ OU KONTRE AK YO

Nou konnen se pa tout lekòl ki anrèg ak obligasyon legal yo. Si lekòl pitit ou a pa respekte lalwa, men sa ou kapab fè:

- Afime dwa ou yo! Pran yon randevou ak administratè a epi esplike l pwoblèm lan. Pote feyè sa ak ou , epi ou ka jwenn plis enfòmasyon sou paj wèb nou an.
- Asire ou pran nòt pandan reyinyon an. Si ou pa gen rezulta, kontakte siperyè administratè a.
- Ekri yon lèt bay sipètentandan distri lekòl la epi voye yon kopi bay avoka distri lekòl la.
- Rapòte vyolasyon an bay kowòdonatè Tit II distri lekòl la oswa depatman edikasyon eta pa w la, ki dwe genyen enfòmasyon pou kontakte yo sou wèbsiti a.

## E SI MWEN ESEYE ESTRATEJI SA YO MEN DWA MWEN YO TOUJOU VYOLE? E SI MWEN SIBI REPREZAY PASKE M AP DEFANN DWA MWEN POU M GEN AKSÈ AK PLYLER AK AKSÈ A ENFÒMASYON NAN LANG MWEN?

Si lekòl oswa distri lekòl pitit ou a kenbe oswa refize w aksè a enfòmasyon esansyèl, refize kominike ak ou nan yon lang ou kapab konprann, oswa fè reprezay sou ou oswa pitit ou paske w ap defann dwa ou, nou vle konnen! Si ou eseye defann tèt ou epi distri lekòl la kontinye vyole dwa ou yo, tanpri bannou yon koudfil oswa ale sou wèbpaj nou an pou w jwenn plis enfòmasyon.

Southern Poverty Law Center

Rele nou gratis de Lendi a Vandredi 9 a.m. a 4

P.M. Tan Lès nan 1-800-591-3656

oswa vizite nou nan [splcenter.org/Plyler](http://splcenter.org/Plyler)





Southern Poverty Law Center